



Pifò moun ki ap peye Sekirite Sosyal ap travay pou yon patwon. Patwon yo diminye taks Sekirite Sosyal la nan chèk travay yo, peye menm kantite taks avèk travayè a, voye total taks yo nan Internal Revenue Service, IRS, (Sèvis Enpo sou Revni Ameriken), epi voye rapò sou salè travayè yo nan Sekirite Sosyal. Men travayè endepandan yo dwe rapòte kantite lajan yo ap touche epi yo dwe peye taks yo dirèkteman bay IRS.

Ou se yon travayè endepandan si ou ap fè komès, ou ap fè biznis oswa si ou gen yon pwofesyon epi ou ap travay ladan li, poukont ou oswa avèk youn o plizyè asosye. Ou rapòte lajan ou touche bay Sekirite Sosyal lè ou fè deklarasyon federal sou revni ou. Si lajan ou touche apre dediksyon taks se \$400 oswa plis nan yon ane, ou dwe rapòte lajan ou touche a sou Pwogram SE ou (SE Schedule) anplis lôt fòm taks ou dwe ranpli.

Peman taks Sekirite Sosyal ak Medicare

Pousantaj taks Sekirite Sosyal pou ane 2012 la se 13.3 pouasan pou moun ki ap travay pou pwòp tèt yo, epi ki fè \$110,100 pou ane a, oswa mwens. Si kantite lajan ou touche apre taks la plis pase \$110,100, ou ap sèlman kontinye peye pòsyon ki pou Medicare la nan taks Sekirite Sosyal la. Pòsyon Medicare la se 2.9 pouasan, ki aplike sou rès salè ou.è

Gen de (2) kalite dediksyon nan taks sou revni ou ki diminye kantite taks pou ou peye.

Premyèman, kantite lajan nèt ke ou touche nan travay endepandan ou redwi kantite taks Sekirite Sosyal ou pa la mwatye. Sa sanble avèk fason anplwayè yo trete travayè yo daprè lalwa sou enpo, paske patisipasyon patwon an nan taks Sekirite Sosyal la pa konsidere tankou salè pou travayè a.

Dezyèmman, ou kapab fè dediksyon mwatye taks Sekirite Sosyal ou sou Fòm 1040 IRS la. Men dediksyon sa a dwe fèt sou resèt brit ou (revni anvan taks) pou detèmine resèt brit ajiste ou. Li pa kapab yon dediksyon detaye, epitou li pa dwe nan lis ki sou Pwogram C ou (Schedule C).

Si ou ap touche salè travay avèk salè kòm yon travayè endepandan tou, se taks sou salè ou ki ap peye anvan. Règ sa a enpòtan sèlman si kantite total lajan ou ap touche a depase \$110,100. Pa egzanp, si ou te touche \$30,000 kòm salè avèk \$40,000 kòm revni travay endepandan ou pou ane 2012 la, ou ap peye taks Sekirite Sosyal ki apwopriye ni sou salè ou ni sou revni travay endepandan ou. Sepandan, nan lane 2012 la, si

salè ou touche se \$77,500 epi ou reyalize \$32,800 kòm revni nan biznis ou apre taks, ou p ap peye de (2) taks Sekirite Sosyal sou revni ki depase \$110,100. Patwon ou ap retire 5.65 pouasan nan taks Sekirite Sosyal ak Medicare sou revni \$77,500 a. Ou dwe peye 13.3 pouasan taks Sekirite Sosyal ak Medicare sou premye \$32,600 nan revni travay endepandan ou epi 2.9 pouasan taks Medicare sou \$200 ki rete nan lajan ou touche yo.

Kredi sou Travay

Fòk ou te travay epi peye taks Sekirite Sosyal pandan yon sèten peryòd tan pou ou ka jwenn benefis Sekirite Sosyal. Kantite tan ou bezwen travay la depann de dat ou te fèt, mentou pa gen okenn moun ki bezwen plis pase 10 lane travay (40 kredi).

Pou 2012 la, si lajan ou touche apre taks se \$4,520 oswa plis, ou reyalize maksimòm anyèl pou kat (4) kredi-yon kredi pou chak \$1,130 revni pandan ane a. Si lajan ou touche apre taks la mwens pase \$4,520, ou toujou kapab reyalize kredi lè ou itilize metòd ochwa ki dekri pi lwen nan fèy enfòmasyon sa a.

Tout lajan ou touche ki kouvri nan Sekirite Sosyal sèvi pou kalkile kantite benefis Sekirite Sosyal ou. Kidonk, li enpòtan pou ou rapòte tout lajan ou touche jiska kantite maksimòm la, selon egzijans lalwa.

Kalkil Revni Nèt ou (apre dediksyon taks yo)

Pou Sekirite Sosyal, revni nèt ou se resèt brit (revni anvan taks) ou reyalize nan komès ou oswa nan biznis ou, mwens dediksyon ak depresyasyon biznis la.

Gen kèk revni ki pa konte pou Sekirite Sosyal epi revni sa yo pa dwe antre nan kalkil revni nèt ou.

- Dividann ou reyalize sou pòsyon ou sou envestisman ou oswa enterè ou reyalize sou bon kès ou posede, sòf si ou resevwa yo kòm negosyan aksyon ak tit;
- Enterè ou reyalize nan prete lajan, sòf si biznis ou se prete moun lajan;
- Lajan lwave ou touche nan byen imobilye, sòf si ou se yon koutye byen imobilye oswa ou ofri sèvis regilyèman pou moun ki nan biznis byen imobilye; oswa
- Revni ou resevwa nan yon asosyasyon limite.

(lòt bò a)

Metòd Ochwa

Si revni nèt ou ap touche pi piti pase \$400, revni ou toujou kapab konte pou Sekirite Sosyal, selon yon metòd rapò ochwa. Ou ka itilize metòd ochwa a si revni brit ou se \$600 oswa plis, oubyen lè pwofi ou pi piti pase \$1,600.

Ou kapab itilize metòd ochwa a sèlman senk (5) fwa nan lavi ou. Revni nèt ou ap touche a dwe \$400 oswa plis pandan omwen de (2) lane nan dènye twa (3) lane ki fèk pase yo, epitou revni nèt ou dwe mwens pase de tyè (2/3) revni brit ou.

Men ki jan metòd la fonksyone:

- Si resèt brit ou reyalize nan travay endependan ou se \$600 rive \$2,400, ou kapab rapòt de tyè (2/3) resèt brit ou oswa revni nèt ou ap touche a; oswa
- Si resèt brit ou se \$2,400 (oswa plis) epi revni nèt ou ap touche se \$1,600 (oswa mwens), ou kapab rapòt oubyen \$1,600 oubyen revni nèt ou ap touche a.
- Koumanse ane fiskal 2008 e pou tout lòt ane ki vini apre yo, montan maksimòm yo kapab repòt grasa metòd opsyonèl pou repò yo pral egal ak montan ki nesesè pou jwenn kat (4) kredi travay pou yon ane an patikilye. Pa egzanp, pou lane fiskal 2012, montan maksimòm yo kapab repòt grasa metòd opsyonèl pou repò ta dwe \$4,520 (\$1,130 x 4).

Nòt espesyal pou kiltivate yo: Si ou se yon kiltivate, ou kapab itilize metòd rapò ochwa a chak ane. Li pa nesesè pou ou te gen yon revni nèt ki te omwen \$400 nan ane anvan an. Nou ankoraje ou rele nou pou ou mande piblikasyon an, *A Guide For Farmers, Growers And Crew Leaders—Gid Sekirite Sosyal Pou Kiltivate, Agrikilte, Epi Chef Ekip* (Publication No. 05-10025). Piblikasyon sa-a disponib sèlman nan lang Angle. Epitou, montan pou lòt pwofi brit pou yon fèm, montan nèt pou yon fèm ak montan pwofi ki pa pou yon fèm ap chanje.

Piblikasyon IRS 334, *Tax Guide for Small Business (Gid fiskal pou Ti Biznis)*, gen plis enfòmasyon ladann ki ta ka itil. Ou gen dwa jwenn li nan www.irs.gov oswa rele **1-800-829-4933**.

Fason pou Rapòt Revni ou

Ou dwe ranpli fòm taks federal ki pi ba yo jouk 15 avril apre nenpòt ane ou touche revni nèt \$400 oswa plis:

- Fòm 1040 (*U.S Individual Income Tax Return—Deklarasyon Enpo Endividiyèl Etazini*);
- Fòm Schedule C (*Profit or Loss from Business—Pwofi oswa Pèt nan Biznis*) oswa Fòm Schedule F (*Profit or Loss from Farming—Pwofi oswa Pèt nan Agrikilti*) jan sa nesesè; epi

- Fòm Schedule SE (*Self-Employment Tax—Taks Travay Endependan*)

Ou kapab resevwa fòm sa yo nan IRS nan Entènèt sou sitwèb yo nan www.irs.gov. Voye fòm deklarasyon taks sou revni ou ak tablo yo ansanm avèk taks travay endependan ou ba IRS.

Menm si ou pa dwe okenn taks sou revni ou, ou dwe ranpli Fòm 1040 ak Schedule SE pou peye taks Sekirite Sosyal sou travay endependan ou. Ou dwe fè sa menm si ou déjà ap resevwa benefis Sekirite Sosyal ou.

Aranjman pou Biznis Familial

Manm fanmi yo ka opere yon biznis ansanm. Pa egzanp, yon mari ak yon madamn ka patnè oswa yo ka opere yon antrepriz komen. Si n ap opere yon biznis kòm patnè, nou chak ta dwe rapòt pati nou nan pwofi biznis lan kòm revni apre dediksyon sou fòm deklarasyon taks sou revni apa pou travay endependan (Tablo SE), menmsi nou ranpli yon fòm deklarasyon taks komen sou revni. Patnè yo dwe deside ki kantite lajan revni apre dediksyon yo ta dwe rapòt (pa egzanp, 50 pouzan ak 50 pouzan). Epitou, yon mari ak madamn ki patisipe toutbon nan yon biznis yo posede an komen epi ki ranpli yon fòm deklarasyon taks komen sou revni kapab fè yon chwa pou peye taks kòm yon antrepriz komen kalifye alaplas yon patenarya. Yo chwa dwe ranpli yon Tablo C oswa C-EZ apa.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an www.socialsecurity.gov, oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tande, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10022-HC
If You Are Self-Employed (Haitian-Creole)
March 2012